




Sanctifiez-vous

San Sanktifikasyon, pa gen moun k'ap ka wè Seyè a (Ebre 12 v14)

Meditasyon espesyal pou semèn sa sou tèm: “**Lapriyè**”

Lendi 11 novanm 2019

Sijè : Konfese peche w' yo, se premye pa.

Vèsè : 1 Jan 1 : 9 - *Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.*

Leson : Moun toujou pè devwale fot li yo, erè li yo. Poutan, youn nan premye bu lapriyè se devwale oubyen konfese fot nou yo devan BonDye. Pawòl BonDye deklare nan Wòm 3:23 - " *Tout moun fè peche* ", sa vle di, devan BonDye, pa gen moun ki bon.

Tout moun fè erè, yon kote oubyen yon lòt. Men pafwa, anpil nan nou se ipokrit, nou fè sanblan nou pa janm peche. Zannmi m', BonDye konnen nou tout. Lè nou nan prezans li, nou dwe prezante li eta lavi nou jan nou ye a tout bon.

Lè w' konfese tout peche ou yo bay BonDye, sa pèmèt ou priye pi byen. Se bagay moun fou sa ta ye si yon moun ta vle kache peche li devan yon BonDye ki konn tout bagay.

Sa pou nou sonje : Lè w' pa konfese peche ou yo, sa kapab fè w' pa ka lapriyè. Pou w' kapab jwenn padon ak lapè pou nanm ou, ou dwe konfese peche w' yo yon fason ki dirèk epi presi.

Refleksyon : Èske w'ap kite yon peche san konfese nan lavi w' kraze relasyon ou ak BonDye ? Èske ou vrèman sensè nan mòd lavi w'ap mennen an ? Si se pa sa, ou dwe pran yon bon desizyon jodi a.

Konsèy : Zanmi mwen renmen anpil la, konnen ke BonDye vle pou nou toujou sensè ak li, sitou lè n'ap priye. Pou sa, louvri kè w' ba li san w' pa bezwen pè pou ou kapab jwenn padon ak pou nanm ou.

Amèn ?

🙏 Ann priye pou nou kapab sensè lè n'ap lapriyè. 🙏

Chante : *Mwen pote ba w' lavi mwen* - Chantal Saint Fort

Gade sou : https://youtu.be/n8U0Jx_EXbQ

Pou mande konsèy, temwanyaj oswa lapriyè, ekri nou sou : sanctifiezvous@gmail.com

Swiv nou sou Facebook, Twitter, Instagram ak sou entènèt la:

www.sanctifiezvous.wordpress.com